



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA DEROSA AK KONSÈY ETA NEW YORK LA SOU FANM AK TI FI LANSE GWROUP TRAVAY SOU MATÈNITE PANDAN COVID-19 LA

Gwoup travay la pral elabore yon plan pou Eta New York pou otorize ak agreye plis sant akouchman pou ofri manman yo yon lòt opsyon san danje apa lopital yo ki deja sou estrès

Rekòmantasyon yo pral pare pou Gouvènè Cuomo disi finisman semèn nan

Li pral egzaminen tou konsekans COVID-19 sou gwosès

Jodi a, Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa ak Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls) te anonse kreyasyon yon gwoup travay sou matènite pandan COVID-19 pou egzaminen pi bon apwòch la pou otorize epi agreye lòt sant ki espesyalman pou akouchman nan yon efò pou ofri manman yo yon lòt chwa san danje apa lopital yo ki deja sou estrès poutèt pandemi kowonaviris ki genyen kounye a. Gwoup travay la pral fè Gouvènè Cuomo rekòmantasyon disi finisman semèn nan.

Anplis de sa, gwoup travay la pral travay avèk Sant Gwosès ak Akouchman Rejyonal yo (Regional Perinatal Centers) pou egzaminen literati an epi fè rekòmantasyon sou konsekans COVID-19 sou gwosès.

"Pandemi sa a erente sistèm lopital nou an yon jan pèsonn pa t ap janm imajine, epi pandan New York pran devan nan garanti manman ki nan tranche yo te kapab gen yon konpayon, zanmi oswa fanmi an sante avèk yo pandan akouchman an nou kapab epi nou dwe egzaminen lòt jan pou fè eksperyans la mwen estresan", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi, te di konsa.** "Sant akouchman yo kapab sèvi kòm yon lòt opsyon san danje pou gwosès ki pa gen anpil risk yo — epi konsa soulaje tansyon an sou lopital yo epi ofri yon anviwònman pozitif pou manman yo pandan yon tan ki deja estresan. Mwen pa ka tann pou m travay avèk Christy ak gwoup travay divès sa a pou elabore rekòmantasyon yo pou Gouvènè a egzaminen le plis vit posib."

"Gouvènè Cuomo ak Eta New York se lidè nasyonal nan lit la kont COVID-19 epi jan y ap mete an priyorite sante ak sekirite fanm yo ak fanmi yo pandan kriz sa a souliyen sa plis toujou", **Christy Turlington Burns, fondatè Tout Manman Konte (Every Mother Counts), te di.** "Se yon lonè dèske m ap travay avèk Melissa ak lòt manm yo nan gwoup travay sa a pou pwoteje manman yo yon fason ijan epi garanti fanm yo gen opsyon akouchman san danje ki nesèsè anpil."

Gwoup travay la - ki gen kòm prezidan Melissa DeRosa - ap gen ladan pati enterese ki sòti kay pwofesyonèl afè akouchman, pwofesyonèl swen timoun ak ajans planin familyal nan tèt ansanm ak Depatman Sante (Department of Health) Eta a. Lis manm yo disponib pi ba a:

- Christy Turlington Burns, founder of Every Mother Counts
- Christa Christakis, MPP - Executive Director, American College of Obstetricians & Gynecologists District II
- Sascha James-Conterelli, DNP, RN, CNM, FACNM - President, NYS Association of Licensed Midwives
- Loretta Willis, Vice President Quality & Research, Healthcare Association of NYS
- Lorraine Ryan, Sr. VP Legal Regulatory & Professional Affairs Greater NY Hospital Association
- Rose Duhan, President & CEO, Community Health Care Association of NYS
- Ngozi Moses, Executive Director Brooklyn Perinatal Network
- Nan Strauss - Every Mother Counts
- Dr. Deborah E. Campbell, MD - Montefiore Medical Center
- Natasha Nurse-Clarke, PhD, RN - Regional Perinatal Center Coordinator, Maimonides
- Dr. Dena Goffman, MD - NYP/Columbia
- Rev. Diann Holt - Founder/Executive Director Durham's Baby Café
- Cynthia Jones, MD, MPH - Mosaic Health Center

Gwoup travay la pral kenbe yon estati espesyal pandan tout eta dijans poutèt COVID-19 la pou okipe tout lòt pwoblèm ki gen pou wè avèk COVID-19 depi pandan gwosès la ak pandan tout peryòd apre akouchman an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)